

**AVI REYINYON M.G.L.c 76, §18
KONSÈNAN REZON KI FÈ ELÈV YO
VLE ABANDONE LEKÒL DEFASON DEFINITIF**

POU TRADUI NAN LANG MATÈNÈL ELÈV LA

ANTRE DAT LA

ANTRE NON ELÈV LA ANSANM AK ADRÈS LI

EPI

ANTRE NON AK ADRÈS PARAN/RESPONSAB LEGAL/MOUN K AP BAY ELÈV LA

SWEN AN

Chè **ANTRE NON ELÈV LA** ansanm ak Paran/Responsab Legal/Moun K Ap Bay **ANTRE NON ELÈV LA** Swen an:

Pwiske **ANTRE NON ELÈV LA** swa (a) te eksprime entansyon pou l abandone lekòl defason definitif san li pa eksprime entansyon pou l retounen, oswa (b) li te absan lekòl la pandan (10) jou ki vini youn apre lòt, kote dènye jou li te prezan lekòl la se te nan dat _____, yo voye lèt sa nan senk (5) jou apati dizyèm jou elèv la absan lekòl la.

Mwen, antanke moun Sipèrentandan an deizyen an, te pwograme yon randevou pou swa: (a) _____ nan/a _____, oswa (b) _____ nan/a _____, nan lekòl la pou lekòl la kapab rive detèmine si w ap abandone lekòl defason definitif san w pa gen entansyon tounen. Nan reyinyon sa a, nou vize diskite sou rezon ki fè w vle abandone lekòl defason definitif yo, sou efè negatif sa genyen lè w kite lekòl bonè, sou avantaj ki genyen lè w rive dekwoche yon diplòm lekòl segondè epi nou vize anvizaje yon seri pwogram ak sèvis edikasyon altènatif ki disponib pou ou avan w abandone lekòl defason definitif lan. Anplis de mwen menm, pral gen yon ekip pèsonèl lekòl la k ap prezan nan reyinyon sa a, ansanm ak konseye pedagogik la, Dwayen Elèv yo ansanm ak lòt manm anplwaye lekòl ki apwopriye yo, ki pral disponib pou fasilite yon chita pale sou pwoblèm sa yo.

Tanpri, kontakte lekòl la nan _____ pou konfime kilès nan de (2) lè ak dat ki endike anba yo ke w pral chwazi pou w patisipe nan reyinyon sa a. Si w gen nenpòt kesyon konsènan reyinyon sa a, ak si w bezwen pwograme yon lòt lè ak dat pou reyinyon an ki pa sa ki endike anwo yo, pou w kapab fè aranjanman pou jwenn yon entèprèt ki pou disponib nan kad reyinyon an, tanpri, kontakte lekòl la tou nan _____. Tanpri, konnen ke w ka mande pou yo chanje dat ak lè reyinyon sa swa apati de lè yo pwopoze anwo yo pou pran yon dat ak lè nou atann sou li pou reyinyon an, depi pwolongasyon lè a pa depase katòz (14) jou apati dat yo te voye lèt sa a. Tanpri, konnen tou ke Sipèrentandan an oswa moun li deziyen an kapab kontinye avèk entèvyou sòti sa san paran/responsab legal/moun k ap bay swen an si te gen yon efò de bòn fwa ki te fèt pou enkli paran/responsab legal/moun k ap bay swen an.

Sensèman,

Direktè